ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№199 (22.857) • 2014 гъэм жэпуэгъуэм (октябрым) и 2, махуэку • Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI • И уасэр зы тумэнщ • adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Пономарев С. М. «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIыхь зиIэ и юрист» цIэ лъапIэр фIэщыным и Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

Законыр, хабзэр хъумэнымрэ гъэбыдэнымкIэ бгъэдэлъ фIыщIэм икIи илъэс куэд лъандэрэ хьэлэлу зэрылажьэм папщIэ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIыхь зиIэ и юрист» цIэ лъапIэр фIэщын **Пономарев Сергей Михаил и къуэм** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Арбитраж Судым и судыщIэм.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и къалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэ
КIУЭКIУЭ Юрий

Налшык къалэ
2014 гъэм жэпуэгъуэм и 1-м
№190-УГ

Президентым и фIыщIэ

Зыпэрыт IэнатIэм зэрехьулIэм, илъэс куэд лъандэрэ хьэлэлу зэрылажьэм, жылагъуэ Iуэхуэхэм жыдкэру зэрыхэтым папщIэ «Къуршхэмкlэ геофизикэ институт» федеральнэ къэрал бюджет Iуэхущ1апIэм и унафэщIым и къуэдзэ **Абшаев Магомет ТIэхьир и къуэм** Урысей Федерацэм и Президентым 2014 гъэм фокIадэм и 25-м кьыдигъэкIа унафэ №309-рп-мкIэ фIыщIэ кьыхуищIащ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыпсэу зы цIыхум, апхуэдэу социально-демографие гуп нэхъыщыхьэхэм ятещIыхьауэ 2014 гъэм и етIуанэ мазищым псэун папщIэ нэхъ мащIэ дыдэу зыхуейр гъэувным и Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2014 гъэм шыщхьэуIум и 20-м №186-ПП ***Налшык къалэ***

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыпсэун папщIэ нэхъ мащIэ дыдэу зыхуейм теухуауэ» 2005 гъэм накIыгъэм и 18-м кьащта Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №30-РЗ-м и Iыхьэ 1-м и 4-нэ статьям ипкъ иткIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещI**:

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьыныгъэмкIэ и министерствэм кьыдэзихыльхьам тету, 2014 гъэм и етIуанэ мазищым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыпсэун папщIэ нэхъ мащIэ дыдэу зыхуейр зы цIыхум тещIыхьауэ сом 7156-рэ, лэжьыгъуэ ныбжьым итхэм папщIэ сом 7568-рэ, пенсионерхэм папщIэ сом 5700-рэ, сабийхэм папщIэ сом 7112-рэ хъуэу гъэувын.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщым и къалэнхэр зыгъэзащIэ АЛЪТУД Юрий

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм мэкъумэш продукцэр къыщызылэжьхэм гъавэ гъэкIыным и Iэнатlэ щхьэхуэхэм зегъэужьыным хуэгъэзауэ субсидиехэр зэрыхухах Хабзэхэм я Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2014 гъэм шыщхьэуIум и 27-м №188-ПП ***Налшык къалэ***

«Гъавэ гъэкIыным и Iэнатlэ щхьэхуэхэм зегъэужьыным хуэгъазауэ Федерацэм и Субъектхэм я бюджетхэм зэрыхухах Хабзэхэр къэщтэным и Iуэхукlэ» 2012 гъэм дыгъэгъаззм и 12-м Урысей Федерацэм и Правительствэм къищта унафэ №1295-м тету Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм унафэ ещI:

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм гъавэ гъэкIыным зыщегъэжьыным хуэгъазауэ мэкъумэш продукцэр къэзылэжьхэм субсидиехэр яхуэхъыныкIэ Хабзэу мы унафэм щIыгъур къэщтэн.

2. Муниципальнэ районхэм (кьалэ округэм) я щIыналъэ администрацэхэм чэнджащ етын комиссэхэр къызэрагъэпэщу крачыжьын хуей жыг хадэхэм яIыгъ щIыр зыхуэдизымрэ жыг хадэхэм я ныбжьымрэ мы унафэр къыщытрадзам щегъэжьауэ махуи 10 пIалъэм яубзыхуну.

3. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министерствэм хуэгъэувын гъавэ гъэкIыным и Iэнатlэ щхьэхуэхэм зегъэужьыным хуэунатlауэ мэкъумэш продукцэ къэзылэжьхэм ядэIэпыкъуным пыща къэрал Iуэхутхьбзэхэр информацэ и лъэныкъэкIэ къызэригъэпэщыну.

4. Къару имыIэжу кьэлъытэн «Гъавэ гъэкIыным и Iэнатlэ щхьэхуэхэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм зыщегъэужьыныкIэ субсидиехэр зэрыхухах Хабзэхэм ятеухуауэ» 2013 гъэм гъатхэпэм и 22-м Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм къищта унафэ №98-ПП-м.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщым и къалэнхэр зыгъэзащIэ АЛЪТУД Юрий

ПщIэ зыхуэтщI ветеранхэ!

Зауэм, лэжьыгъэм, Iэщщкlэ Зэщlэуэзда Къарухэм, хабзэхъумэ органхэм я ветеранхэм (пенсионерхэм) я Налшык къалэ жылагъуэ зэгухьэныгъэм хэтхэр пщIэщхуэ фхуэтщIу икIи икъыкIэ ди гуапэу дыныбохъуэхъу. Зи ныбжь хэкIуэта цIыхум и дунейпсо махуэмкIэ. Фэри, ди ветеран лъапIэхэ, фи Iыхьлыхэмрэ фи благъэхэмри уэзышагъэ быдэ, мамырыгъэ, efIэкIуэныгъэ фиIэну, фызыщIэхъуэпс псори кьывэхъуIэну ди гуапэщ. EтIуанэ дунейпсо зауэм Текlуэныгъэ иныр кьыщацхьыр папщIэ зи щIалэгъуэм, насыпым, узынщагъэм, гъащIэм емыблэжахэр зэи ящымыгъупщэн ирехъу.

Зауэм, лэжьыгъэм, Iэщщкlэ Зэщlэуэзда Къарухэм, хабзэхъумэ органхэм я ветеранхэм (пенсионерхэм) я Налшык къалэ жылагъуэ зэгухьэныгъэм и президиум.

Адыгэ фащэм и махуэ

Адыгэ Республикэм фокIадэм и 28-р дахэу, гукъинэжу щекIуэкIащ. Адыгэ фащэм и махуэр мы гъэм къэрал мыхьэнэ иIэу ягъэлъэпIащ ди къуэшхэм.

МЕЙКЪУАПIЭ дэт Къэрал филармонием и гупэм деж иIэ утым цIыхухэр хуэмурэ щызэхуэсу щIадзащ. Тхьэмадэ Iумахуэхэми, нанэ Iущабэхэми, щIалэ къуданхэми, пщащэ щIыкIафIэхэми екIупсу фащэр ящыгъуу зэхьыхьарт. Лъэхъэнитl щызэрихьэлIа хуэдэт махуэшхуэм. Зэхуэсым кьрихьэлIахэм ди адэжьхэм нобэм кьахьэса фэилъхьэгъуэм и дахагъэр ятъэлъагъуэ къудейтэкъым, атlэ блэкIам зэрыхуэпэжыр, адыгэ хабзэмрэ нэмысымрэ зэраIэщIэмыхуар, щэнхабзэ и лъэныкъэкIэ лъэпкъ зэмылIэужьыгъуэхэр зэрызэришалIэр наIуэ кьищIырт абы.

Махуэшхуэм и мыхьэнэр, адыгэ фащэм и дахагъэр цIыхубэм нэхъри зыхегъащIэным щыхьэт техьуэу цIыхухъу фащэ хужь екIу щыгъуу кьызэхуэсахэм кьахьыщ (я кум дэтщ) Адыгэ Республикэм и Iэтащхьэ ТхьэкIуашнэ Аслъэнджэрий.

«Адыгэу зыкъызэлъытэж дэтхэнэ зыми и гум щхьэу щигъафIэу кьыщIэкIынщ ди лъэпкъ фащэр, зэ нэхъ мыхъуми зыщитIагъэу зэплъыжыну. Фащэр щыпщыгъым и деж уи щхьэр лъагэу уегъэлъагъуж, зи хэкур зыхъумэ зауэлIу, зи лъэпкъым хуэпэж хэкупсэу зыкъыпщегъэхъуж. Сэ фащэм кьызит гурыщIэр IэфIщ», - жяриIащ ТхьэкIушнэм журналистхэм.

ЩэкI зэмылIэужьыгъуэхэм кьыхэщIыкIарэ плъыфэ зэхуэмыдэхэр яIэу жьыми щIэми ящыгъ фащэхэм гуфIэгъуэр нэхъри яIэтырт.

Къэрал филармонием щекIуэкIа гуфIэгъуэ пшыхьыр кьыщызэIуихым ТхьэкIушнэ Аслъэнджэрий жиIащ адыгагъэр, адыгэ хабзэр хъумэным, щэнхабзэм зегъэужьыным, лъэпкъ зэмылIэужьыгъуэхэм я зэгурыIуэныгъэр гъэбыдэным махуэшхуэр иджыри зы лъэбакъуэ хуэхъуну зэрыщыгугъыр. Адыгэ фащэм и махуэм хуэгъэпса пшыхьыр дахэм кьыщынэртэкъым, цIыхубэм тельыджэ, щIэщыгъуэ ящыхъуэ пычыгъуэхэмкIэ зэхихухуэнат ар концертым и режиссер, «Налмэс» ансамблым и хуэдэ ящыгъуэ Хьэкъы Аслъэн.

Лъэпкъ фащэхэр, абы и тхыдэр кьэзыIуатэ теплъэгъуэхэр ягъэлъэгъуащ, хабзэмрэ фащэмрэ кьызыхэщ спектакль пычыгъуэхэм сабийхэр щыджэгуащ, СтIащ Юрэ и Iэдакъэщ1экIхэр утыку кьрахьащ. Кубань кьэзакъ хорым и балет труппэр адыгэ фащэхэр ящыгъуу кьызэрыуджар пшыхьыр нэхъ гукъинэж зыщIахэм ящыщщ.

Концертыр ияха нэужь, цIыхухэр куэдрэ зэбгрыкIыжакъым. Илъесым зэ фIэкIа къэпкъ ма-хуэшхуэр зыIэт дэрэжэгъуэмкIэ загъэнщIыртэкъым щIыхуфэм. Жэщыбг хъуху зэхэта адыгэ джэгу дахэм щIалэгъуалэри нэхъыжьыIуэхэри щыуджащ, Iэгуаузщхуэр щаIэтащ.

НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ,
Адыгэ Республикэм щIыхь зиIэ и журналист.

Сурэтхэр **Никанов Александр** *тIихащ.*

Иджы кьызэроIэт Каталонием исхэр

Испанием и полицэм дыгъуасэ зэбгрихуащ Каталониер Испанием кьыхэкIыным и телъхьэхэм кьызэрагъэпэща пэкIуэ.

А щIыналъэр щхьэхуит хъуным теухуа референдум щэкIуэгъуэм и 9-м ирагъэкIуэкIыну трахуат. Ауэ а пIалъэр къэралым и Конституцэ щыпсэуну игъэIэпхъуащ. Апхуэдэ унафэм игъэгубжьахэм я мурадт къэралым и правительствэм и уиз гупэм деж иIэ утым пщыIэхэр щагъэуву, езыхэр зыхуейр кьыхуащIэхэркIэ Iумыкlыжьыну.

Каталонием и правительствэм а Iуэхум теухуауэ жиIащ Конституцэ судым и унафэм зэреувалIэр икIи референдумым зыхуэгъэхьэзырыныр кьызэтриГъуэвыIащ. Апхуэдэу щытми, я щIыналъэр къэралым щхьэхуэ хъун мурадым кьызэрыпымыжьыныр кьыхагъэщащ.

Мыпхуэдэ пэкIуэкIэ Каталонием и нэгъуэщI щIыналъэ зыбжанэми щекIуэкIащ.

ЦIыху 42-рэ хэкIуэдащ

Японием щыIэ Онтакэ вулканыр иджыри «сабырыжакъым»: гъуэзыр нэхъ гуащIэж хъуауэ къреху.

Иужьрей илъэс 90-м абы нэхърэ нэхъ льэщу вулкан кьыщихуэ мы къэралым кьыщыкъызыкъым, жаIэ бгым куэд щIауэ кIэлъыплъ щIэныгъэлIхэм. Онтакэ мыбы и пэкIэ «зыкьиунэщIауэ» щытащ 2007 гъэм, ауэ абы щыгъуэ цIыху псэдзыгъэ щыIакъым.

Иджы ар кьызэрыуцрэ дэкIа махуитхум цIыху 42-рэ хэкIуэдащ, куэд дыдэм я узынщагъэм эзран хуэхъуащ. Бгым гъуэгъуэн, зыудыныщIэн щIидза щхьэкIэ, абы а дакъикъэхэм кIэрыта зыплъыхьакIуэ 320-м щIигъум зэуэ зыкъащтэу къехыжакъым. Дохутырхэм зэрыжаIэмкIэ, аращ апхуэдиз цIыху хэкIуэдэныр, фэбжь хьэлъэхэр хахыныр къызыхэкIар.

Мы махуэхэм

Жэпуэгъуэм и 2, *махуэку*

◆Залымыгъэ мылэжьыным и дунейпсо махуэщ
◆1945 гъэм Къэбэрдей пединститутым школ-интернат къыщызэIуахащ.
◆Жэпуэгъуэм и 2 - 4-хэм Псыхуабэ (Пятигорск) щекIуэкIынущ Усыгъэм и маяхуэшхуэ, Лермонтов Михаил и щIыхькIэ къызэрагъэпэщауэ.
◆Союзпсо радиом и диктор, СССР-м и цIыхубэ артист, Хэку зауэшхуэм и зэманым «Совинформбюро»-м и хъыбарыщIэхэм къеджэу щыта **Левитан Юрий** къызэралъхуэр илъэси 100 ирокIу.
◆Уэрэджэ1акIуэ цIэрыIуэ, Урысей Федерацэм, КъБР-м, АР-м, КъШР-м, Дагъыстэным я цIыхубэ артист **Тут Заур** и ныбжьыр илъэс 63-рэ ирокIу.
◆ Сурэтыщ1-живописец **Ерчэн Исуф** и ныбжьыр илъэс 60 ирокIу.
◆Пауэрлифтинг спорт лIэужьыгъуэмкIэ пIэнэ-рэ (1996 - 1999 гъэхэм) дуней и чемпион хъуэ **Хьуажь Юрэ** и ныбжьыр илъэс 44-рэ ирокIу.
◆Уэрэджэ1акIуэ цIэрыIуэ, КъБР-м щIыхь зиIэ и артисткэ **Кьэзан Сэтэней** къыщалъхуа махуэщ.

Жэпуэгъуэм и 3, *мэрем*

◆ФРГ-м и лъэпкъ махуэшхуэщ - зэкъуэтыныгъэм и махуэщ
◆ОМОН-м и махуэщ
◆Арафат и махуэщ - мусльымэнхэм я махуэшхуэщ
◆1933 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым уэрэдымрэ къафэмкIэ и «Кабардинка» къэрал ансамблыр къызэрагъэпэщащ.
◆Техникэ щIэныгъэхэм я доктор, профессор, ЩIДАА-м и академик, генерал-майор **Къатхъэн Мухьэмэд** къызэралъхуэр илъэс 87-рэ ирокIу.
◆Щэрджэс тхакIуэ **Къэбэрдей ФатIимэ** и ныбжьыр илъэс 78-рэ ирокIу.
◆Журналист, усакIуэ **ГъущIо Зариф** и ныбжьыр илъэс 48-рэ ирокIу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэриты-мкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 10 - 13, жащым градуси 6 - 8 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар
ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэщ.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэриты-мкIэ, Налшык пшэр техьэтекIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 9 - 10 щыхъунущ.

Жэпуэгъуэм и 3, *мэрем*

◆ФРГ-м и лъэпкъ махуэшхуэщ - зэкъуэтыныгъэм и махуэщ
◆ОМОН-м и махуэщ
◆Арафат и махуэщ - мусльымэнхэм я махуэшхуэщ
◆1933 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым уэрэдымрэ къафэмкIэ и «Кабардинка» къэрал ансамблыр къызэрагъэпэщащ.
◆Техникэ щIэныгъэхэм я доктор, профессор, ЩIДАА-м и академик, генерал-майор **Къатхъэн Мухьэмэд** къызэралъхуэр илъэс 87-рэ ирокIу.
◆Щэрджэс тхакIуэ **Къэбэрдей ФатIимэ** и ныбжьыр илъэс 78-рэ ирокIу.
◆Журналист, усакIуэ **ГъущIо Зариф** и ныбжьыр илъэс 48-рэ ирокIу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэриты-мкIэ, Налшык пшэр техьэтекIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 10 - 13, жащым градуси 6 - 8 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар
ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэщ.

Сом мелардищэхэр къыдигъэхуэнуми

УФ-м Экономикэ зыужьыныгъэмкIэ и министерствэм щытепсэлъыхьащ бюджет ахъшэр нэхъ зэгъэзэхуауэ къэбгъэсэбэп зэрыхьуну щыкIэхэм.

Абы и лъэныкъэкIэ хэкIыпIэ хъунухэм ящыщу кьагъэлъэгъуащ анэхэм мылъку зэрыхухахым теуху программэр зэхуэщIыжыныр. Апхуэдэу ящIмэ, илъэс къэс къэрал бюджетым сом мелард 300 къыхудэхуэну жаIэ.

«Ар езыхэм я Iуэху еплъыкIэу арк1удейц. Дэ нэхъапэми мызэ-мытIэу дытепсэлъыхьащ а Iуэхум икIи программэр зэпыгъэун Iуэху лъэпкъ зетхуэркъым. EтIуанэ, ещанэ е абы кьыкIэлъыкIуэ сабийхэр къызыхэхъуэ унагъуэхэм мылъку яхуэхъуным текIуэдэну ахъшэр 2017 гъэ пщIондэ къэрал бюджетым и проектым щыгъэбелджылащ», - жиIащ УФ-м и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэ Голодец Ольгэ, цIыху куэд зыгъэпIейтея а къыбарым журналистхэм щахутепсэлъыхьым.

Иджы къызэроIэт Каталонием исхэр

Испанием и полицэм дыгъуасэ зэбгрихуащ Каталониер Испанием кьыхэкIыным и телъхьэхэм кьызэрагъэпэща пэкIуэ.

А щIыналъэр щхьэхуит хъуным теухуа референдум щэкIуэгъуэм и 9-м ирагъэкIуэкIыну трахуат. Ауэ а пIалъэр къэралым и Конституцэ щыпсэуну игъэIэпхъуащ. Апхуэдэу унафэм игъэгубжьахэм я мурадт къэралым и правительствэм и уиз гупэм деж иIэ утым пщыIэхэр щагъэуву, езыхэр зыхуейр кьыхуащIэхэркIэ Iумыкlыжьыну.

Каталонием и правительствэм а Iуэхум теухуауэ жиIащ Конституцэ судым и унафэм зэреувалIэр икIи референдумым зыхуэгъэхьэзырыныр кьызэтриГъуэвыIащ. Апхуэдэу щытми, я щIыналъэр къэралым щхьэхуэ хъун мурадым кьызэрыпымыжьыныр кьыхагъэщащ.

Мыпхуэдэ пэкIуэкIэ Каталонием и нэгъуэщI щIыналъэ зыбжанэми щекIуэкIащ.

ЦIыху 42-рэ хэкIуэдащ

Японием щыIэ Онтакэ вулканыр иджыри «сабырыжакъым»: гъуэзыр нэхъ гуащIэж хъуауэ къреху.

Иужьрей илъэс 90-м абы нэхърэ нэхъ льэщу вулкан кьыщихуэ мы къэралым кьыщыкъызыкъым, жаIэ бгым куэд щIауэ кIэлъыплъ щIэныгъэлIхэм. Онтакэ мыбы и пэкIэ «зыкьиунэщIауэ» щытащ 2007 гъэм, ауэ абы щыгъуэ цIыху псэдзыгъэ щыIакъым.

Иджы ар кьызэрыуцрэ дэкIа махуитхум цIыху 42-рэ хэкIуэдащ, куэд дыдэм я узынщагъэм эзран хуэхъуащ. Бгым гъуэгъуэн, зыудыныщIэн щIидза щхьэкIэ, абы а дакъикъэхэм кIэрыта зыплъыхьакIуэ 320-м щIигъум зэуэ зыкъащтэу къехыжакъым. Дохутырхэм зэрыжаIэмкIэ, аращ апхуэдиз цIыху хэкIуэдэныр, фэбжь хьэлъэхэр хахыныр къызыхэкIар.

Лъэпкъ Iущыгъэ:

Гъунэгъур унэгъущи, къигъунэгъужырщ гъунэгъур.

• Банк Iуэхухэр

Интернет IэмалкIэ

Мы гъэм фокIадэм и 9-м къыщыщIэдзауэ Урысейм и ХъумапIэ банкым и Iуэхутхьэбзэхэр къызыгъэсэбэпхэм ящыщу щIыхуэ къеIызыхыну хуейхэм я пIэIуэхэр «ХъумапIэ банк Онлайн» интернет банкымкIэ ят хьуанущ.

- АБы ПАПЩIэ, ХъумапIэ банк Онлайн системэм и анкетэ тхылъыр зэхуэгъэкIуэн хуейуэ ераш, лъэIум зэрыхэплъэ щыыкIэр езым щыгъэбелджылащ. Кьищтэну щIыхуэм арэзы щытехьуэмэ, банкым и хэщIапIэм щытригъэзэнэр ар кьыИихьын щхьэкIэщ. Ди банкым и картэкIэ е и счеткIэ улахуэр зратхэм мы Iуэхутхьэбзэр кьагъэсэбэп хъунущ, - кьигъэлъэгъуащ Урысейм и ХъумапIэ банкым и Къэбэрдей-Балъкъэр кьудамэм и унафэщI Урысбий Хьэмидбий.

Мы зэманым щIыналъэ Iуэхущ1апIэм цIыхухэм щыхуэу яритар сом мелларди 7-м ноблагъэ.

Мы гъэм и маз 8-м кьриубыдэу республикэм щыпсэухэм сом мелларди 2,3-м пэкIуэ щIыхуэу 12500-рэ яхуэхиащ. Ар нэгъабэ и апхуэдэ лъэхъэнэм елъытауэ проценти 161-кIэ нэхьыбэщ.

Урысейм и ХъумапIэ банкым и Къэбэрдей-Балъкъэр кьудамэм и пресс-Iуэхущ1апIэ.

• Гъэлъэгъуэныгъэхэр

Мы гъэми макIуэ

Мэзкуу щыIэ Урысейпсо гъэлъэгъуапIэ центрым жэпуэгъуэм и 8 - 11-хэм щекIуэкIыну «Бжьыхьэ дыщафэ-2014» 16-нэ агропромышленнэ выставкэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и АПК-м и предприятэ 19 хэтынущ.

АБы ЯШЭНУ мэкъумэшхэкIхэмэ Iэщхэкlхэмрэ хуабжьу зэмылIэужьыгъуэщ. КьищынэмыщIауэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым Мэкъумэш хозяйствэмкIэ и щIэныгъэкъэхутакIуэ институтымрэ Бгылъэ, жьэгъущIэс щыпIэхэм жыг хадэхэр щыгъэкIыныкIэ Кавказ Ищхъэрэ щIэныгъэ-къэхутакIуэ институтымрэ я кьэхутэныгъэщIэхэмкIэ нэгъуэщIхэм ядэгъэушэнущ.

Нэгъабэ хуэдэу, Къэбэрдей-Балъкъэр мэкъумэш университетри къэралым и аграрийхэм я зэIуэщIэ нэхъыщIхэм хэтынущ. Мы гъэм абы щагъэувынущ республикэм мыхьэнэ хэха зыщIат кьуажэ туризмэм теухуауэ еджанIэ нэхъыщIхэм и студент-хэмрэ и щIэныгъэлIхэмрэ ягъэхьэзыра лэжьыгъэхэр.

Къэбэрдей-Балъкъэрым хухахыну метр зэбгрыуэзнатIэ 90-м ди деж екъуIэныгъэкIэ щагъэзащIэ инвестицэ проект зыбжанэ щагъэлъэгъуэнущ. Апхуэдэщ псынщIэу хэхъуэ жыг хадэхэм зэрызрагъэужьыщ, горох щхьэнтIэр, нартыкъ фошыгъур, джэшыр кьэнжал банкIхэм щралъхьэну конкерэ заводымрэ хадэхэкIхэр, кIэртIофыр кьыщагъэкIыну, щахъымэну, щызэрахьэну, щащэну иджырей комплексымрэ зэрарухуэм теухуахэр.

«Бжьыхьэ дыщафэ-2014» выставкэм и программэм хыхьэу АПК-м и зыужьыкIэм пыща мыхьэнэщхуэ зиIэ Iуэхугъуэхэр щызэпкърахыну зэIущIэхэр, конференцхэр, семинархэр ирагъэкIуэкIынущ, унэтIныныгъэ щхьэхуэхэмкIэ зэпеуэхэр кьызэрагъэпэщынущ.

САМЧЕНКЭ Светланэ.

• «Адыгэ псалъэр» къыхьзох

Дэтхэнэми яхуощхьэпэ

Сэ КъБКъУ-м и адыгабзэ къудамэм сыщIэсщ. Си еджэным куэдкIэ сэбэп къыщысхуохъу «Адыгэ псалъэ» газетыр. Мыбы къыщыбгъэтынущ щIэщыгъуэ куэд. Дунейм къыщыхъу-къыщыщIэхэм дыщигъэгъуазэ къудей мыхъуу, адыгэ лъэпкъым, тхыбзэм, хабзэм ятеухуа тхыгъэ купщIафIэхэр къыщыбогъуэт абы.

ГАЗЕТЫМ и уасэм зэрыхагъэхъуар ди гуапэ хъуакъым, итIани Iэмалыншэу къызолытэр ар дэтхэнэ адыгэ унагъуэми яIэрыхьэныр. Абы и кьыдэкIыгъуэхэм гукъыдэжрэ дэржэгъуэу къыдитыр кьэплъытэмэ, и уасэр апхуэдэуи куэд хъуркъым.

ЩIэныгъэлIхэми, егъэджакIуэхэми, тхыдэджхэми, нэхъыжьыфIхэми, щIалэгъуалэми - псоми яхуэщхьэпэн тхыгъэ хьэлэмэтхэр кьытохуэ «Адыгэ псалъэ» газетым и напэкIуэцIхэм.

АпхуэдэуагъэтыркъызэрыдэкIрэ илъэс 90 зэрырикъумкIэ дохъуэхъу абы и лэжьакIуэхэм, ди гуапэщ ахэр узыншэу иджыри илъэс IэджэкIэ щылэжьэну, хъыбар гуапэ куэд зэхьыдгъэхьыну.

КЪЭНЭМЭТ Залинэ.
Бахъсэн къалэ

• Пхъэндзэ

Саугъэтхэр къыфпоплъэ

Федеральнэ пощт связымкIэ управленэм 2014 гъэм фокIадэм и 25-м къыщыщIэдзауэ жэпуэгъуэм и 4 пщIондэ ирегъэкIуэкI **«Газетхэм Iэ тевдзи, саугъэтхэр къэхьыным теухуа пхъэндзэм фызэхт**» рекламэ Iуэхур.

2015 гъэм ипэ илъэс ныкъуэм мазихкIэ е мазэ 12-кIэ сом 400 нэхьрэ мынэхъ мащIэкIэ Iэ тезыдзахэр хэт хъунущ саугъэтхэр къэхьыным теухуа пхъэндзэм.

Пхъэндзэр щекIуэкIынур 2014 гъэм дыгъэгъаззм и 24-рщ.

Iэ щытебдзэ хъунущ пощт связым и Iуэхущ1апIэ дэтхэнэми.

КьыкъуэкIа Iэмалыр блэвмыгъэкI, фигу ирихь газетхэмрэ журналхэмрэ Iэ тевдзэ

Федеральнэ пощт связым КъБР-м щиIэ управленэ.

Газетхэмрэ журналхэмрэ къевгъэхь!

«Урысейм и пощт» федеральнэ къэрал Iуэхущ1апIэм и кьудамэу КъБР-м щыIэм фокIадэм и 1-м щегъэжьауэ Iэ трырегъадзэ дызыкъуэкIу илъэсым и япэ мазихым къагъэхьыну газетхэмрэ журналхэмрэ. А лэжьыгъэр пощтым и Iуэхущ1апIэ псомиз щокIуэкI.

Фэ Iэ зыщIэвдза газетхэмрэ журналхэмрэ и зэманым къриубыдэу пощтым и лэжьакIуэхэм унэм ныфхуахьыну е ахэр связым и Iуэхущ1апIэхэм къыщелыфхьыжьыну.

Газетхэмрэ журналхэмрэ Iэ тедзэным ехьэлIа Iуэху псоми щыIуазэ фыхуащIынущ пощтым и Iуэхущ1апIэхэм щылажьэхэм.

«Урысейм и пощт» федеральнэ къэрал Iуэхущ1апIэм и кьудамэу КъБР-м щыIэ

Экономикэ Политикэ

Махуэку

Кавказ Ищхъэрэ Жылагъуэ Іуэху

● Іэтащхьэхэр

ЛУКАШЕНКЭ Александр: «Урысейр зэи Украинэм щызэуакъым»

Белоруссием и президентым жиІэ псори сыт щыгъуи яфІэтпелъыджэщ. Ар аргуэру белджылы щыхъуащ Молдовэм. Абы щыгъуэми жиІар псори зыщыгъуазэ пэж къудейщ. Хэбгъэзыхьмэ, щІэ гуэри хэлъкъым - Президент Путин Владимирэ МИД-м и унафэщІ Лавров Сергейрэ урысыдзэкІэ Украинэм и щІыналъэм зэримыкъам текуэуауэ жаІахэм къытригъэзэжа къудейщ.

- УРЫСЕЙР Украинэм зэи щызэуакъым, иджыри щызэуэркъым!- къыхигъэщхьэхукІащ Лукашенко, Европэмкіэ епІлъэкІ властым и лІыкІуэхэм Кишинёв щрагъэкІуэкІа зэІуущІэм къыщыщыпсалъэм (Молдовэр илъэситху хъуауэ Евросоюзым хыхьэну хущІокъу икІи абы щокІуэкІ ди къэралым и бий псалъэмакъэр). - Зауэр щІрагъэкІуэкІыр зыгуэрхэр текІуэнигъэм щогугъри аращ, ауэ я къаугъэм хэпщІа псоми хьэкъ ящы-хъуащ зэрытемыкІуэфынур: Украинэм и дзэри сепаратисткІэ зэджа опол ненэри. Сэ си фІэщ мэхъу зауэм зэрыщІимыдзэжынур: абы зыри хуейкъым... Сыт хуэдэ бийхэра абы щыІэзэуар? Зы къэралым щыпсэуа щыхуэхэр зэрыуКІыжащ, къэушыр къуэшым ебгъэрыкІуащ! Ар къезэгъыркъым. Къаугъэр зэтес пщІыжьыну гугъущ, абы кІуикІуэхэм уагъэгужьей. Псом хэумыдзу гъэкІуэдыжигъуейщ хэкІуэдахэм я Іыхьлыхэм къатепсыха гуауэр. Ауэ зэпэщІэтыныгъэр гъэувыІэн хуейщ.

Белоруссием и президентым и гугъу ищІащ ЕС-м ассоциацэ хуиІэным теухуа зэгурыІуэныгъэм Украинэм Іэ тридзэнкІэ зэрыхъунуми.

-Урысейри абы и унафэщІхэри фІы дыдэу сцІыхуКІэрэ, вжьэоІэ УФ-р зыми экономикэ зауэ иришІылІэну зэрыхуэмейр. Мыбдеж абы зыщихъумэж къудейщ. Зи гугъу тщІы зэгурыІуэныгъэм хуэдэм Украинэми Молдовэми Іэ традза иужьи Урысейм зэран фыхуэмыхьумэ, фэ абы зэхущытыкІэ тэмэмхэр хуэвгъэувыфынущ.

СВЕТОВ Владимир.
«Комсомольская правда»

● Ди псэлъэгъуэхэр

Цензурэм, ныбжьым, гугъапІэхэм ятеухуауэ

«Дэ дыщогугъ псори езыр-езыру зэфІэувэжыну, арщхьэкІэ апхуэдэ къхъыркъым. Мис аращ зэфІэкІышхуэ зыбгъэдэхуэ унафэщІ сыт щыгъуи дыхуэныкъуэныр къызыхэкІыр». - жеІэ театрымрэ киномрэ я актёр, режиссёр, сценарист, РСФСР-м и цІыхубэ артист, 2000 гъэ лъандэрэ сатирэм и Москва академие театрым и Іэтащхьэ Ширвиндт Александр.

Мы гъэм а цІыху цІэрыІуэм и ныбжьыр илъэс 80 ирикъуащ. Иджы зыхуэгъэхьазыр езыр зи унафэщІ театрым и илъэс 90 юбилейр игъэлъэпІэну.

Зэманымрэ хэхьныгъэхэмрэ

- Александр, уэ куэд бгъэунэхуащ, куэди уи нэгу щІэкІащ. Мы зэманым екІуэкІ Іуэху къызэрымыгуэкІэр сыт хуэдэу зыхэпщІэрэ?

Сэ абыхэм сагъэпІейтей. Баррикадэжм зэи сыкъухъасакъым, власткэр зэи хэзутакъым, пхъашэу сыпсэльэныр зэи сфІэфІакъым. Сигу ирихьыр щыгуэрхэр зыгуэркъэм хуабжьу зэратехъуэщыныр. Мы зэманым зызыгъэпИйуэ къэпсэльэпІэхэм къихьэхэм ящыщу мащІэ дыдэщ жаІахэм тебгъуэтэжыр. Мис иджыри куэдым ятхьІу: «Тхъэм и шыкурщ, КъухьэпІэм и санкцэхэм я фЫгъэкІэ иджы дэ езыхэр псори тщІы-жьыфу зедгъэсэнщ». Сэ къызэрыслъытэмкІэ, апхуэдэ Іуэху бгъэдыхьэкІэр делагъэщ. Си щхьэкІэ сыкъаращтэмэ, а санкцэхэм сэ зыкІи сащышынэркъым - си гъащІэ псом сигу ирихьу щытар «Зэнибжьэгъугъэ» кхъуей бзыхьхуэ цІыкІурщ, бжьын гъэварщ. Илъэс куэдкІэ сиІар «ГАЗ-20 Победа» автомобилырщ. Ар щІэх-щІэхыурэ зэпэщыжьын хуей хъурт. Иджыпстуи ситІысхьэжьыфынущ апхуэдэ автомашинэм. Ауэ абы щыгъуэм сэ сиІа гурыщІэр зыхуэдэм щыгъуазэр си ныбжьым итхэрщ. КъухьэпІэ цивилизацэм и мэр зыщыуа ди щІэблэщІэр-щэ? Ахэр дэ ди пІэ иувэжыфынукъым.

ЩІалэгъуалэр иджыпсту щытыкІэ гугъум кьыхутащ. ЕпІэщІэкІыу кьыхэзгъэпэщыж: ГТО-м и пщалъэхэр, «Дыдейхэр», «Фыфейхэр» зэщІэхъееныгъэхэр. КІэщІу жьыпІэмэ, комсомолым ещхь гуэрхэр зэтраухуэну яужь итщ. Ауэ Селигер гуэлым и Іуфэм щызэхуэсу ныбжьыщІэхэм я нэкІуэхэм сащыщІэпльэкІэ, си фІэщ хъурхьым ар кьайхъуІэну. А зэщІэхъееныгъэхэм хэтхэр хьэрэмыгъэншэу схужьІэнукъым. Нобэ «дыдейхэщ», пщэдей «фыфейхэщ», пщэдеймыщкІэ зеинухэр зымы хужьІэнукъым. Си гугъэщ ищхьэкІэ щыІэхэм ар яІъагъуу икІи а зэщІэхъееныгъэхэр езыхэр зыхуэймкІэ зунэтІыну хущІэкъуу. Мыбдеж бзаджагъэ, залымыгъэ хэлъкъым, арщхьэкІэ кьызэольытэ нэгъуэщІ хэкІыпІэ ямыльагъужу. СыщыуэнкІи хъунщ...

Ауэ ди тхъэмыщкІагъэр нэхъыбэу кьызыхэкІыр дуней псом щыцІэрыІуэ ди идеологиер зэрыгуфІэкІуэдарц. Диным хуэдэу идеологиер, Іуэху епІлъэкІ ди умыІэу дунейм утетыфынукъым. Псори ягъэжэщІащ, зэхагъэзэрыхьащ. Дэ дыщогугъ мис а псори зэгуэр езыру я пІэ иувэжыну. АрщхьэкІэ апхуэдэ къэхъуркъым. Мис аращ дэ зэфІэкІышхуэ зыбгъэдэлъ власть дыхуэныкъуэ щІэхъуэр.

- АрщхьэкІэ цивилизацэр щытепщэ нэгъуэщІ къэралхэм апхуэдэу ущрихьэлІэркъым.

Ауэ ди тхъэмыщкІагъэр нэхъыбэу кьызыхэкІыр дуней псом щыцІэрыІуэ ди идеологиер зэрыгуфІэкІуэдарц. Диным хуэдэу идеологиер, Іуэху епІлъэкІ ди умыІэу дунейм утетыфынукъым. Псори ягъэжэщІащ, зэхагъэзэрыхьащ. Дэ дыщогугъ мис а псори зэгуэр езыру я пІэ иувэжыну. АрщхьэкІэ апхуэдэ къэхъуркъым. Мис аращ дэ зэфІэкІышхуэ зыбгъэдэлъ власть дыхуэныкъуэ щІэхъуэр.

Мыбдеж сегупсысащ. Мыпхуэдэ маршхэр шынагъуэшхуэу щытхъыми, ди щІыхуэр сабийхэм хуэдэу кьыщагъащІэ кьэхъуами. Псом нэхърэ нэхъ узыгъэпІейтейр апхуэдэ щІыхуэр зэхуэмыдэжыну.

КРЫЛОВ Игорь.
«Российская газета»

● Узыншагъэ

Сурэтыр **Мамий Руслан** *трихащ.*

Лъы дгъажэркъым - абыкІэ дадогуашэ

Къэбэрдей-Балъкъэрым иджыблагъэ щагъэлъэпІащ Лъы зыт ныбжьыщІэм и дунейпсо махуэр. Ар екІуэкІащ «Дэ лъы дгъажэркъым - абыкІэ дадэгуашэу аращ» кьыхуеджэныгъэм щІэту.

ІУЭХУ ЩХЬЭПЭМ и лъабжьэр кьыщежьар ди республикэрщ. «М-Драйв» жьлагъуэ зэгухьэныгъэм и унафэщІ Байсиев Темыржан зэрыжиІэмкІэ, 2010 гъэм фокІадэм и 16-м абы я жэрдэмкІэ Кавказ Ищхьэрэм ящу щекІуэкІауэ щытащ «Кавказский донор» гъэпсыкІэ. Апхуэдэ щыкІэкІэ къэунэхуащ Лъы зыт ныбжьыщІэм и урысейпсо махуэр. Илъэс дэкІри, а Іуэхум кьыхьыщІ хамэ кэралхэри.

Мы гъэм лъы зытхэм яхэтащ «Мэшыкуэ-2014» зэхьыхьэм зи лэжьыгъэр нэхьыфІу кьыщалъытэ щалэгъуалэр. Апхуэдэу «Лъы тыным щІынальэм зыщегъэужьын» проектымкІэ зэхьыхьэм щытекІуэ Исаковэ Марьянэ игъэхьэзыращ псапащІэ Іуэхум и нащэнэр зытет хьэпшыпхэр. Аэрэ ди республикэм и мызакъуэу, Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ щІынальэм хиубыдэ хэгъуэгу псоми щызэбграгъэкІынущ.

Лъы щат республикэ станцым а махуэм щІыкуэ щызэбгрэкІащ. Іуапэщ ныбжьыщІэхэр мыхьэнэшхуэ зиІэ Іуэхухэм жьыдэгу зэрыкъуэтыр, зыгурым и гъащІэ кьегъэла зэрыхъур кьаззэрыгурыІуэр.

- Лъы зытыну хуейкэм илъэс кьэскІэ кьахохьуэ, - жиІащ Байсиев Темыржан. - Псом хэумыдзу узыщыгуфІыкІын Іуэхущ ди щІалэгъуалэр зэкъуэту мыпхуэдэ Іуэхухэм зэрыхэтэр. Ар и кІэщІагъэ гущІэгъу зыхэлъ, гулъытэ зиІэ щІэблэ кьызэрытщІэхъуэм.

ЩХЬЭЩЭМЫЩІ Изэ.

Гуныкъуэгъуэ фиІэ?

КъБР-м Узыншагъэр хъумэныкІэ и министерствэм и Онкодиспансерым иригъэкІуэкІынущ зэІущІэ щхьэпэхэр. Ар иригъэкІуэкІ лыщх узыфэр кьызыпкърыхьагъащІэ щыІэмэ кьахутэн щхьэкІэ.

ЗИ ЖЬЭЖЬЕЙХЭМКІЭ гуныкъуэгъуэ зиІэхэр зэпэуэгъуэм и 3-м фекІуалІэ хъунущ а узыфхэр зыпкърытхэм еІэзэ ІэщІагъэлІхэм я дежь. Цыхубзхэм я узыншагъэм теухуауэ иратыну чэнджащ щхьэпэхэм зыкъревгъэхьалІэ жэпуэгъуэм и 15-мрэ щэкІуэгъуэм и 8-мрэ - сыхьэти 9-м кьыщыщІэдзауэ 18 пщІондэ.

Нэхъ пыухыкІауэ Іуэхум зыщызыгъэгъуэзэну хуейкэр фыкъэпсалъэ мы телефонымкІэ: 42-23-86 е http://onkokbr.ucoz.ru/ сайтым фихьэ хуэунущ.

КъБР-м Узышагъэр хъумэныкІэ и министерствэм и пресс-Іуэхущ Іапі э.

● Къэрал Іуэхущ Іапі эхэм

«ЩІэиныр гъунапкъэншэщ» программэр къыхалъхьэ

ЩІэинхэм пыщІа щІыпІэхэр Къэбэрдей-Балъкъэрым и нотариусхэм нэхъапэм алфавиткІэ трагуашэу щытащ. Псалъэм папщІэ, хьэрф «а»-м щегъэжьауэ «и»-м нэсэкмкІэ зи унэцІэр кьыщІидзэ цІыхухэм я щІэин Іуэхухэр зы нотариусым, адрейхэри апхуэдэу зэпэгъэшауэ нэгъуэщІхэм щхьэхуэу зэхагъэкІырт. Дунеим ехьажам и Іуэхум хэлтъэ нотариусыр кьыкІутэн щхьэкІэ, щІэиныр зылъысыпхъэм зэманышхуэ тригъэкІуэдэн хуей хъурт. Псом хуэмыдэу, нэгъуэщІ щІыпІэхэм щыпсэуэхэр хуабжьу гугъу ехьырт.

УРЫСЕЙ Федерацэм Юстицэмкіэ и министерствэм и Къэбэрдей-Балъкъэр кьудамэм хьыбар фегъащІэ 2014 гъэм фокІадэм и 1-м кьыщыщІэдзауэ республикэм и нотариус псори щІэиным пыщІа Іуэхухэм хэплъэну зэрыхуитымкІэ.

ФокІадэ мазэм щегъэжьауэ щІэиныр зылъысыпхъэхэм зыхуей нотариусым езыхэр щыпсэу щІыпІэм зыщыкъуагъаз хъунущ. «ЩІэиныр гъунапкъэншэщ» зыфІаща мы программэр граждан обществэм зезыгъэужь, цІыхухэм я фІэфІныгъэр зэрыгъэлъытэ, тыншыпІэ хахуэзэзыгъэпэщ зи чэзу Іуэхугъуэщ. Абы нотариусхэм я лэжьыгъэр иригъэфІэкІуэнущ, яхь жэуапымрэ ирагъэз дзыхьымрэ хигъэхъуэнущ.

«КъБР-м нотариальнэ округхэмрэ нотариальнэ округхэм я нотариус къулыкъуэхэм я бжыгъэмрэ зэрыщыхъуэн хуей мардэм и Іуэхукіэ» 2009 гъэм мазаем и 16-м къащта Къэбэрдей-Балъкъэрым и Закон №13-РЗ-м ипкъ иткІэ, уней лэжьыгъэхэр щрагъэкІуэкІ.

Урысей Федерацэм Юстицэмкіэ и министерствэм и Къэбэрдей-Балъкъэр кьудамэм зэрыщыкІэ и Нотариальнэ палатэмрэ нотариусхэм я ІуэхущІафэм кІэлъоплъ.

УпщІэ зиІэхэр зэкІуэлІэну хэущІапІэр: Налшык къалэ, Пушкиным и цІэр зезыхьэ уэрам, 85

Телефонхэр: 30-00-18, 30-00-22.

АБАЗЭ Еленэ,
УФ-м Юстицэмкіэ и министерствэм и Къэбэрдей-Балъкъэр кьудамэм и унафэщІым и кьуэдзэ.

● Іэтащхьэхэр

Пэжымрэ пцІымрэ зэхагъэзэрыхь

Сыт хуэдэ мурадхэр яІэу уэрамхэм дыхьат?

Иджыблагъэ Москва щекІуэкІащ «мамырыгъэм и маршу» апхуэдизу ягъэвуар. ЦІыху минитху хуэдиз Пушкиным и утым щежьэри, Сахаровым и проспектым ирикІуащ.

● Пэкіухэр

КЪЭГЪЕЛЪЭГЪУЭН хуейщ маршым оппозиционерхэм кьадэкІуэу, абыхэм я ныкъуэхъуэгъуэхэри зэрыхэтар. ЗэпэщІэуэ гуэркэри щыІащ: ДНР-мрэ ЛНР-мрэ я тельхьэхэм ягу техуэртэкъым «Ижь секторым» и дамыгъэхэр зыІыгъ гупхэр кьаззэрыхэтыр. НАТО-м и бэракъэхэр зыІыгъ закъуэтІакъуэхэри «зауэм и бийхэм» я зэхуэсым щыплІагъуну телъыджэт.

«Яблоко»-м, «РПР-Парнас»-м, «Солидарность»-м я бэракъэхэр зыІыгъхэр кІийрт: «Украинэм - мамырыгъэ, Урысейм - щхьэхуитыныгъэ!», «Дэ ди кьалэм и Іэтащхьэр Навальнэрщ!» ИужькІэ кьыхадзащ «Щеневмерла», ауэ зы куплет закъуэм фІагъэкІыфакъым. ИтІанэ Бандерэ и «Украинэм - щІыхь!» кьыхуеджэныгъэм нэсаухэщ. Абы жэуапу иратар гурыІуэгъуэщ: «Пиблисхэ!», «ЦІыхубэм кьадэщІ полицэм ихьуэмэн хуейкъым бзаджэнэджэхэр!», «Урысейм фикІ, либералхэ!»

Унэхэм ящыщ зым кьыфІадзащ «ЕпцІыжакІуэхэм я марш» баннерыр. АрщхьэкІэ кьуэдрэ фІамыгъэльу кьыфІатэхащ.

Гупхэр ирикІуа иужь псыутх машинэхэмкІэ уэрамхэр яткъэщІыжащ.

АрщхьэкІэ иужькІи увыІэжакъым кьызэхуосахэр. Соцсетхэм щызэрызехьащ. «Маршым» тепсэлъыхьащ минхэр. Мис Іуэху епІлъэкІэхэм ящыщ зы.

«Украинэм - щІыхь!» кьыхуеджэныгъэм щІэту а Украинэм щызэхащІыхьахэм яужькІэ а псалъэхэр зытетха бэракъэхэр Урысейм и щІыхьэрым щыпІлъагъэныр зыхуэбгъэдэнур Иерусалим сверстикэ кьыщыфІадзэныщ. Ар гум тебгъахуэ мыхьэну напэншагъэщ».

Сэ сыт щыІэри согъэщІагъэ либералу фэ зытезыгъауэхэм нэхъ Іуэху мыхьэнэншэ дыдэхэм щхьэкІи езыхэм я къэралым ириукІытэу зэрыжаІэр. Ди къэралыр щызахуэм дежи. Ауэ нобэ сэ езыр сигъэукІытащ сльэгъуащ. Кино шынагъуэм хуэдэт. Уэрамхэм ирикІуахэр кьыддопсэу, хьэдощхэ. Одессэ, Славянск, Краматорск, Донецк, Луганск ящратыкІ кадрхэм дыщІэпльэ дыкъогубжьри, ди дзэхэр зэтыдокъуэзэ, ауэ а зэман дыдэм лІыкІхэм я бэракъэхэр яІыгъыу Москва и уэрамхэм ирокІуэ. Езы Украинэм щыщ куэдым уэим яхуэпщІ хъурхьым - абыхэм хунтэм и телевиденэм фІэгъуэщІ: «Либлисхэ!», «ЦІыхубэм кьадэщІ полицэм ихьуэмэн хуейкъым бзаджэнэджэхэр!», «Урысейм фикІ, либералхэ!»

Сэ сыт щыІэри согъэщІагъэ либералу фэ зытезыгъауэхэм нэхъ Іуэху мыхьэнэншэ дыдэхэм щхьэкІи езыхэм я къэралым ириукІытэу зэрыжаІэр. Ди къэралыр щызахуэм дежи. Ауэ нобэ сэ езыр сигъэукІытащ сльэгъуащ. Кино шынагъуэм хуэдэт. Уэрамхэм ирикІуахэр кьыддопсэу, хьэдощхэ. Одессэ, Славянск, Краматорск, Донецк, Луганск ящратыкІ кадрхэм дыщІэпльэ дыкъогубжьри, ди дзэхэр зэтыдокъуэзэ, ауэ а зэман дыдэм лІыкІхэм я бэракъэхэр яІыгъыу Москва и уэрамхэм ирокІуэ. Езы Украинэм щыщ куэдым уэим яхуэпщІ хъурхьым - абыхэм хунтэм и телевиденэм фІэгъуэщІ: СС-р щыІащ, нэхъыбэр абы хуейти. ИтІанэ щыжаІэжар: «Дэракъым, атІэ СС-рщ псори зэхэзыщІыжьхар. Дэ ар тщІакъым».

Сэ хуэдрэ сегупсысащ сльэгъуам сызэрытетхьыныгъ щыкІэм. Ахэр «етхуанэ колоннэ» кьудейкъым - цІыхуэхэр апхуэдэ пэкІуэм яфІэфІу хохьэ, къэралым щхьэкІэ уиІатэу. Абыхэм лъэпкъым и напэу зыкъалъытэж, ауэ кьахуэмыгъэдаІуэ цІыхубэр напэншэу кьыщІрагъэдзыж. Мы маршыр напэтехщ. Мыбдеж пщІэр пщІэжу абы ухэтами, зэрымыщІжкІэ укъыхэхуами, е ахъшэ кьуату укъагъэсэбэпами мыхьэнэ гуэри щиІэкъым. Уеблэмэ, Путиным упэщІэувэн щхьэкІэ уахьихьами. Уэ абы ухэтащ - абы псори кьоІ.

Щіэуфэ гуэри хэлъкъым: «Мамырыгъэр» Киевщ, Порошенкощ, «Айдар батальонырщ». Абыхэм я кьыхуеджэныгъэхэм кьагъэпцІэфынур делахэрщ. «Украинэм фемызауэ?!» - жаІэ. Хэт езауэр? «ПцІымрэ зауэмрэ щыиГъэ!» - мис ардыдэр жаІэ Чернигов щыщ сэлэт анэхэми. Дэри, Донецки, Лугански мамырыгъэм дрительэщІ ЗЫ щхьэкІэ щыІэхэм я пІэ иувэжыну.

АрщхьэкІэ апхуэдэ къэхъуркъым. Мис аращ дэ зэфІэкІышхуэ зыбгъэдэлъ власть дыхуэныкъуэ щІэхъуэр.

- АрщхьэкІэ цивилизацэр щытепщэ нэгъуэщІ къэралхэм апхуэдэу ущрихьэлІэркъым.

Ауэ ди тхъэмыщкІагъэр нэхъыбэу кьызыхэкІыр дуней псом щыцІэрыІуэ ди идеологиер зэрыгуфІэкІуэдарц. Диным хуэдэу идеологиер, Іуэху епІлъэкІ ди умыІэу дунейм утетыфынукъым. Псори ягъэжэщІащ, зэхагъэзэрыхьащ. Дэ дыщогугъ мис а псори зэгуэр езыру я пІэ иувэжыну. АрщхьэкІэ апхуэдэ къэхъуркъым. Мис аращ дэ зэфІэкІышхуэ зыбгъэдэлъ власть дыхуэныкъуэ щІэхъуэр.

- АрщхьэкІэ цивилизацэр щытепщэ нэгъуэщІ къэралхэм апхуэдэу ущрихьэлІэркъым.

А къэралхэм лъабжьэ быдэхэр яІэщ. Абыхэм «партым и гъуэгум» и бийхэр зэхэзехуэн щащІу щытакъым. Ди дежь нэхъапэрэ лъапІэныгъэхэр щагъэкІуэдыжри, щІэхэр щызэтраухуэркъым. Абы кьыдэкІуэуи ЦІыхухэр я псэуКІэкІэ щурэ лъэсрэ я зэхуакуу щызэкІэщІокІ. Сэ къэралым щІэх-щІэхыурэ кьыщызэкІухь икІи солъагъу екІуэкІыр. Москва и хьурезягькІэ, Іэгъэбэгуэр бжьыхьэм зэрыбгагъуэм хуэдэу, уардэуэнхэр щауэхуэ. ТІэкІу уІуКІмэ-щэ? Нэгъабэ сыщыІащ псыдзэр зыщІэуа Благовещенск. ЩІыпІэ телевиденэмкІэ сепльащ абы щекІуэкІахэм. Мис зы сюжет: къуажэм и унэ псоми я щхьэхэр псым кьыхэщ къудейщ, пкІэунэм исщ бжэн зыщІыгъу фызыжь. Абдежым къегъэлакІуэхэр кьыІуохьэ моторкІэ эзрагъакІуэ кхъуафэжьейм ису. Фызыжьым кІапсэкІэ пэгуныр кьахурехьэх, мыдрейхэм абы ираухьэ хэхьныгъэ гуэрым Іэ зэрыщІэтыну бюллетеныр. Фызыжьым Іэ еІэт бжэныр игъусэу. Мэдыхьэшх, и Іэхэр кьахуещІ. Апхуэдэ цІыхухэм уатекІуэнукъым! Си гугъэщ дэ ди лъэпкъым нэхърэ нэхъ бэшэч дуней псом темыту.

«Си щхьэр сощІ, ауэ зыри жысІэркъым»

- Мы зэманым куэд тражыІыпх пропагандэм. Уэ уи дежкІэ сытыр нэхъыфІ: урысей, совет пропагандэра хьэмэрэ къуэхьэпІэм щызекІуэр ара?

-Зыри сиу ирихьыркъым.

Телевизорым и экраным къыщыджалэхэм е Интернетым кьихьэхэм дагъэгупсысан хуейщ. АрщхьэкІэ абыхэм езыхэм я Іуэху епІлъэкІэр ди щхьэм кьраукІэу аращ. Дакьикъэ кьэс къытрагъэзэжмэ, цІыхур делэ хъункІэ хъунущ. Китайм цІыхур мыпхуэдэу гугъу щрагъэхьу щытащ: тезыр зытралъхьар, и щхьэм и зы щІыпІэм и дежь псы ткІуэпсхэр зэпымыууэ трагъаткІуэурэ, ягъаІэрт. Аращи, сыт хуэдэ пропагандэри узижатьуэным хуэдэщ. Иджыпсту гугъущ а ткІуэпсхэм запыІубдзыну.

Пропагандэм и закъуэкъым Іуэхур зэдэщІэри. Абыхэм дэни уащрохьэлІэ. Къэущтэнти гушыІэ программэхэр. Аэрэ куэдыкІейщ икІи цІыху акъыдыфІэхэм икІи гуащІафІэхэм я згъэхьэзыр. Зэгуэр Валдай сыкІуат зызгъэпэщыжьын хуей хъурт. Иджыпстуи ситІысхьэжьыфынущ апхуэдэ автомашинэм. Ауэ абы щыгъуэм сэ сиІа гурыщІэр зыхуэдэм щыгъуазэр си ныбжьым итхэрщ. КъухьэпІэ цивилизацэм и мэр зыщыуа ди щІэблэщІэр-щэ? Ахэр дэ ди пІэ иувэжыфынукъым.

ЩІалэгъуалэр иджыпсту щытыкІэ гугъум кьыхутащ. ЕпІэщІэкІыу кьыхэзгъэпэщыж: ГТО-м и пщалъэхэр, «Дыдейхэр», «Фыфейхэр» зэщІэхъееныгъэхэр. КІэщІу жьыпІэмэ, комсомолым ещхь гуэрхэр зэтраухуэну яужь итщ. Ауэ Селигер гуэлым и Іуфэм щызэхуэсу ныбжьыщІэхэм я нэкІуэхэм сащыщІэпльэкІэ, си фІэщ хъурхьым ар кьайхъуІэну. А зэщІэхъееныгъэхэм хэтхэр хьэрэмыгъэншэу схужьІэнукъым. Нобэ «дыдейхэщ», пщэдей «фыфейхэщ», пщэдеймыщкІэ зеинухэр зымы хужьІэнукъым. Си гугъэщ ищхьэкІэ щыІэхэм ар яІъагъуу икІи а зэщІэхъееныгъэхэм хэтхэр хьэрэмыгъэншэу схужьІэнукъым. Си гугъэщ ищхьэкІэ щыІэхэм ар яІъагъуу икІи а зэщІэхъееныгъэхэм хэтхэр хьэрэмыгъэншэу схужьІэнукъым. Нобэ «дыдейхэщ», пщэдей «фыфейхэщ», пщэдеймыщкІэ зеинухэр зымы хужьІэнукъым. Си гугъэщ ищхьэкІэ щыІэхэм ар яІъагъуу икІи а зэщІэхъееныгъэхэм хэтхэр хьэрэмыгъэншэу схужьІэнукъым. Си гугъэщ ищхьэкІэ щыІэхэм ар яІъагъуу

- Уэ жьыпІащ зэманым утегуэзвыхьу. АтІэ патриотыгъэм зымащІэкІэ нэхъ мыхъуми уитхьэкъуа?

- Си ныбжьыр зэрыхэкІуэтам кьыхэкІыу сэ патриотыгъэкІэ схуэщІэнышхуэ щыІэжкъым. АрщхьэкІэ быдэу бжесІэфынущ Урысейм симысу зы щІыпІи тхъэмахуитІ нэхърэ нэхъыбэ сызэрыщымыпсэуфынур. Хуеймэ ире-Америкэ, хуеймэ ире-Ниццэ. Сэ кьызэрыуэркъым щыпсэуну нэгъуэщІ къэралхэм кІуэхэм апхуэдэ лъэбакъуэ ячыныр кьыхьэжмэ патриотизмэкъэ? Псори зэхэпльхьэжмэ патриотизмэ. Абы кьыхэкІыу ди къэралым щекІуэкІ псори си фэ дзэгъэхэм хуей мэхъу.

- АтІэ, нобэрей ди зэхэтыкІэр сыт хуэдэу кьыщыхьхъуэ?

- Дэтхэнэри псэун хуейщ и напэм тещІыхьауэ, ар «партым и гъуэгум» игъэщхьэрыуэн хуейкъым. Сэ зэи зы политикэ парти сыхэтакъым. Хьэуэ, псом нэхърэ сынэхъ губзыгъуэ аракъым: си акъыкІэ сыпсэужмэ нэхъ кьасщтэ кьудейщ.

ГРАЧЁВ Сергей.
«Аргументы и факты»

Сурэтыр **Іэхъуэбэч Хьэрэіил** *трихащ.*

Адыгэхэм я дунейпсо махуэм жыдэжру хэтащ ДАХ-м и президент Сэхъурокъуэ Хьэутий.
Сурэтым щыволъагъу ар Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тыгъэр къэзыхьа шууейм зэрехьуэхьур.

Къамэ дахэхэр

● Ингуш

Кавказ Ищхьэрэм щыпэу Ингушым щекІуэкІащ «Къамэ-2014» къэрал зэхуаку фестивалыр.

ЕЗЫХЭМ ягъэхьэзыра къамэхэр, сэшхуэхэр, нэгъуэщІхэр Нэзрэн щагъэльэгъуащ Урысейм и щІыналъэ 8-м, Азэрбайджаным, Куржым я лІыкІуэхэм.

Фестивалым хэтащ «Златко» фирмэмрэ сэхэр щащІ Кизляр заводымрэ я Іэщ Іагъэлъэхэр.

Къамэхэм я закъуэкъым зэрыльэгъуар. Псалъэм и хьэтыркІэ, Ингушым щыщІ гуькІэ Галаев Іэдэм гъущІым кьыхихьущІыкІа роззхэр, Іэкіэ кьрахьэкІ уэздыгъалъэхэр псоми телъыджэ ящыхъуащ.

Ящыныкъуэ хьэпшыпхэр абдеж кьыщыпщэху хъунут. Ауэ абыхэм я нэхъ лъапІэхэм я уасэр сом мин 200-м нэсырт.

Республикэм туризмэмкІэ и комитетым щызэпещыдзэжаІамкІэ, хьахьа Іэщ Іахэм я дахагъым щеплъым, ахэр зыгъэхьэзыра псори ягъэпэжну мурад ящІащ.

Іэщэ зыщІхэм я хьэщІащ «Жэщ дыгъужьхэр» мотоклубым щыщхэр. НаІуэу зэрыщытщІу, абыхэм мы зэманым Кавказыр кьызэхахьыхь «Дикая дивизия»-р илъэсищэ зэрикъуам и щІыхькІэ.

ЛАРИНЭ Алёнэ. *«Российская газета»*

ПлІанэпэр зыгъэхьэзырар ШАЛ Мухьэмэдщ.

МВД-м отставкэм щыІэ и полковник **Темиржанов Магомед Баттал и къуэм** дыхуогузавэ абы и анэ **Темиржановэ (Гузеевэ) Наифхэм Зулъхэрэвей и пхъур** зэрыІам кьыхэкІыу.

Темиржановэхэ я лъэпкъ хасэ, ныбжьэгъуэхэмрэ лэжьэгъуэхэмрэ